**Республикалық Мәлимлеме-ресурс орайы**

# Қарақалпақ әдебиятының классик шайыры Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығына арналған «Шайыр еди, шайырлардың данасы» атамасында методикалық қолланба

## Ҳүрметли Мәлимлеме-ресурс орайы хызметкерлери ҳәм китап оқыўшылар!

**Бул методикалық қолланбада қарақалпақ классик әдебиятының көрнекли ўәкили Әжинияз Қосыбай улының өмири, дөретиўшилик хызметлери ҳаққында мағлыўматлар берилген. Қолланбада массалық илажлардың жаңа усылларынан шайырдың өмири ҳәм дөретпелери, қосықлары берилген.**

*Ғәрезсизлик сапа келип хош келип,*
*Журтбасымыз жигер берип йош берип,*
*Әжинияз шайырға шәҳәр Нөкисте,*
*Орнатылды бир әжайып естелик.*

## Шайырдың өмири ҳәм дөретпелери.

Қарақалпақ әдебиятының классик шайыры Әжинияз Қосыбай улы 1824-жылы Мойнақ районының «Қамыс бөгет» деген жеринде туўылған. Ата-бабалары балықшылық, аңшылық ҳәм егин егип кун көретуғын адамлар болған.

Әжинияз жаслайынан-ақ оқыўға берилген, зийрек бала болып өседи. Бирақ оның жаслайынан анасынан айырылып қалыўы, көп ғана қыйын жағдайларды бастан кешириўине себепши болады. Усындай жағдайларда оның туўысқан дайысы Елмурат ахун оған өзиниң жәрдем қолын созады ҳәм оны өзиниң медресесине алып кетеди. Әжиниsettings бул жерге келиўи өз билимин жетилистириўге үлкен жол ашып берди. Оның поэзияға болған ықласы Наўайы ҳәм Ҳафыз ғәзеллерин оқыўы нәтийжесинде кем-кемнен күшейе баслады. Әжинияз жаслығында медреседе оқыў менен бир қатарда көп ғана китапларды көширип, белгили кәтип болыў менен де таныла баслаған.

Елмурат ахун тосаттан қайтыс болғаннан кейин Әжинияз өзине сәйкес устаз таба алмай қалады. Оны аўыл медресесинде саўат ашыў қанаатландыра алмады. Себебе ол терең билим алыўды аңсар еди. Ең ақырында Әжинияз сол ўақыттағы ашамайлылардың белгили қазыларынан Тоғуз қазы менен молла Қоразлардан жәрдем сорайды. Ол Хийўаның Шерғазы медресесине оқыўға киреди.

Әжинияз Хийўада оғада қыйыншылық жағдайда оқыйды. Оның илимге болған ықласы ғана медресени оқып питкериўине мүмкиншилик туўғызды. Әжинияз медреседе Наўайы, Ҳафыз, Саадий, Физулий шығармаларын қунт

пенен оқып, олардың айтқан данышпанлық сөзлерин өз халқына жеткериўди мақсет етти. Сол классиклер тәрепинен айтылған баҳалы сөзлер, оның өмириндеги барлық қыйыншылықларын умыттырып жүрегин жубатқан еди. Әжинияз өз заманындағы теңсизликтен қатты налыйды. Соның ушын да ол өзиниң «Дәўран болмады» қосығында өзи жасаған заманына болған пикирин төмендегише баянлайды:

Сәнемлер қолында тилла саз едим,
Ҳәўижге келтирер жанан болмады.
Туғрымда талпынған алғыз баз едим,
Қәлпе-саядларым маман болмады.

Әлип қәддим дәлдек болды бүгилди,
Көзлеримнен қанлы яшым төкилди.
Жол бойына үйген ҳасыл йүгимди,
Базарға елткендей кәрўан болмады.

Усындай қыйыншылық жағдайларға қарамастан, шайыр бес жыл даўамында оқып Хийўаның Қутлымурат инақ медресесин тамамлаған. Шайыр Хийўа медресесин тамамлағаннан кейин көп жыллар даўамында Қазақстанда саяҳатта болған. Ол Қазақстанда әпиўайы қазақ мийнеткешлериниң өмири менен танысады ҳәм бирнеше дослар арттырады. Оның өмириниң көпшилик бөлеги Қазақстанда ҳәм Түркменстанда өтеди. Әжинияз Қазақстанда 1845-1846-жылларда болып қайтқаннан соң, аўылына келип Ҳамра деген қызға үйленеди. Оннан үш бала ҳәм бир қыз туўылады. Әжинияз Түркменстанда жүрген күнлеринде түркмен классиги Мақтымқулы қосықларын қунт пенен үйренеди. Оның көп ғана қосықларын қарақалпақ тилине аўдарады. Әжинияз қырық жаслар шамасында Қазақстанға үшинши рет барғанында үш жылдай өмирин сол жақта өткизеди. Оның «Еллерим

барды», «Бармекен», «Бардур», «Мегзер», «Айрылса», «Хошласыў» қосықлары усы сапарда жазылған. Әжинияз усы сапарында Мырза Қожбан деген байға үш жыл даўамында молла болып жалланған. Буннан кейин ол өзиниң туўылған аўылынан ҳеш жаққа шықпаған. Бозатаў, Қамыс бөгет, Жетим өзек деген жерлерде мектеп ашып, жергиликли халық балаларын оқытқан. Дөретиўшиликке берилип, қосықлар жазған.

Оның **«Еллерим барды»** қосығы усы Қожбанның сораўы бойынша жазылған. Бул қосық тәрийп усылында жазылған болып, өз халқын баян еткен шайырдың дебдиўлери деп қараўға болады. Себеби қосықтың ҳәр бир қатарында шайырдың миллий мақтанышы бар. Мысалы:

Сорасаң елимди Қожбан бизлерден,
Қалпағы қазандай еллерим барды.
Қәте шықса кешириңлер сөзлерден,
Қытай, Қоңырат атлы еллерим барды.

Жайлаўым-Үргениш, арқасы теңиз,
Жаўырыны қақпақтай маллары семиз.
Рухсатсыз бир-бирине салмас из,
Бирликли Қоңырат еллерим барды.

Табылады излегенниң кереги,
Көлинде бар қасқалдағы, үйреги,
Қуўлары, ғазының пүтин бүйреги,
Дүньяның аңлары көлинде барды.

Бул қосық қатарларында Әжинияз Қожбанға өзиниң туўылып өскен елин үлкен мақтаныш пенен баян еткен. Әжинияз бул қосығы арқалы өзиниң ең дәслеп қарақалпақ деп аталған елдиң азаматы екенлигин, бул ел қазақ, өзбек халықларына әдеўир жақын болып, халықтың өзине тән

туўрылық, сыпайылық сыпатларының бар екенлигин баянлайды. Мысалы:

Өтирикти ырас етип айтпаған,
Туўры жолдан бас кетсе де қайтпаған,
Нәмәҳрәмди ҳасла жолдас тутпаған,
Аты қарақалпақ еллерим барды.

Әжинияз шайыр өз халқының әдиўли перзенти болып есапланады, солай екен ол ең биринши гезекте өз ўатанын, халқын жырлайды. Әжинияз поэзиясында ўатан темасы ең баслы орынға көтерилген. Ол туўылып өскен елин шын мағанасында сағынады. Мәселен, оның **«Айрылса»** қосығын алып қарасақ, бунда шайырдың өзине тән болған көп ғана дәртли изленислери бар. Мысалы:

Елинен айрылған диййўана болар,
Ярынан айрылған бийгана болар.
Ҳәррелер уша алмай пәрўана болар,
Уясы бузылып палдан айрылса.

Ғош жигиттиң дәўлети бар басында,
Ҳәм ағасы, ҳәм иниси қасында,
Ҳәр ким өз елинде теңи тусында,
Йигит қәдири болмас елден айрылса.

Бул қосық қатарларын шын мәнисинде ҳикметли сөз, ҳәрқандай адамның өз елин сүйиўи ҳәм қәстерлеўи зәрүрлиги айқын айтылған.Ол өз халқының шайыры болыў менен бирге, көп ғана зыялы адамлар менен дос болған. Қазақстанда бир неше мәртебе болып қазақтың шайыра қызы Меңеш пенен айтысқан, ол түркмен далаларын аралаған. Шайыр Наўайы, Мақтымқулы, Кеминени өзиниң устазы деп таныған.

Әжинияз шайырдың **«Бозатаў»** поэмасы қарақалпақ халқының тарийхынан белгили орын алған 1858-1859-жыллардағы Қоңырат көтерилиси ўақыялары тийкарында жазылған. Шығармада тийкарғы сөз етилетуғын ўақыя 1858-жылы Қоңыратқа жақын «Бозатаў» деген жерде болған. Поэмада басқыншылардың тыныш халыққа қарақшылық топылысы, қарапайым пуқараны қырып-жойып, шуўлатып, мал-мулкин тартып алып қызларды елинен айырып, жат-журтларға бенде етип кеткенлиги айтылады. Әжинияз Қосыбай улы 1858-1859-жыллары Қоңырат көтерилиси бастырылғаннан кейин Хийўа әмелдарлары тәрепинен тутқынға алынып, Түркменстанның Ташаўыз ўалаятына жер аўдарылып кетеди. Арадан үш жыл өткеннен соң ол тутқыннан қашады, бирақ және Хийўа әмелдарларының қуўдалаўына ушырап Қазақстанға кетиўге мәжбүр болады. Оның өмириниң көпшилик бөлеги Қазақстан, Түркменстан далаларында өтеди. Өз халқы сыяқлы Әжинияздың өмири, Бозатаў менен байланыслы болған. Соның ушын да оның Бозатаў менен хошласыўы, өз ўатанынан айырылған адамның дәрти болып еситиледи. Әжинияздың өзи де тутқынға түскен халық арасында болған. Ол бул ўақыяның арасында болмағанда поэма соншелли дәртли етип жазылмаған болар еди. Себеби ол:

Көзим яшлы, мен кетермен шарам йоқ,
Бир қудадан басқа пушты панам йоқ,
Ҳәмме кетти, сенде турар адам йоқ,
Хош аман бол, бизден қалдың Бозатаў.

Зийўарың хошласар қәдириңни билип,
Көзини яшартып бағрыны тилип,
Аман болса ҳал сорасар бир келип,
Хош Аман бол, бизден қалдың Бозатаў.

«Бозатаў» шығармасы ҳәзирги күнге шекем оқыўшылардың сүйип оқыйтуғын шығармасы.

Қарақалпақ әдебиятында муҳаббат темасы ҳеш бир шайырдың қәлеминен шетте қалмаған. Әжинияз шайыр бул теманы көклерге көтере алған шайыр болған. Оның **«Сәўдигим», «Гөззаллар»** қосықларында адамзат сезиминиң ең қудиретли ҳәм тәсирли белгилери бар. Мысалы:

Қыя бақып, мениң жанымды алып,
Жүз мың жилўа менен шығар гөззаллар.
Жүрегине әда болмас от яқып,
Мениң жаным отқа яқар, гөззаллар.
(Гөззаллар)

Таўыс киби жылўа менен бақасаң,
Ашықлардың жүреклерин жақасаң,
Тиллә ҳәйкел гәрданиңе тақасаң,
Әл қуўсырып қушақ ашқан сәўдигим.
(Сәўдигим)

Ҳәммемизге мәлим Әжинияз ҳаққында илимпазлар көплеген изертлеў жумысларын алып барған болса атақлы шайырларымыз Әжинияз ҳаққында көплеген қосықлар дөреткен. Мине сондай шайырларымыздың бири Әскербай Әжиниязов еди. Әскербай ағаның шайырдың 187 жасқа толыў мүнәсибети менен жазған мына қосық қатарларын оқып қарасақ және бир мәрте оның уллы сөз ийеси болғанлығын билемиз.

Зийўар! – Сен әдебий төрдиң гүлханы,
Сен уллылық уланқайыр урқаны,
Сөз- патшалық, өзиң аға султаны,
Зийрек зейин, даныш дилўарым мениң.

Бир елаты «Бозатаўдың даласы»
Бир ўатан «Молла Пирим қаласы»
Сақыў, саят Қосыбайдың баласы,
Сен-шахзада шайыр, шәрьярым мениң.

Ел көрип, жер көрип көп гезген шайыр,
Көп оқып, көп тыңлап, көп сезген шайыр,
Сөздиң ҳинжи, маржан, зер дизген шайыр,
Сәрҳаўыз бойында кәрўаным мениң.

Бир пәрий алыстан көзге түсип тур,
Кеўлим яр тәрепке алып ушып тур,
Балаң көзин яшлап, көксин ашып тур,
Шын мүбәрек! Әзиз устазым мениң,
187 жыллық тойларың сениң!

Бийғәрезлик, руўхый еркинлик дәўири басланған ҳәзирги жаңа заманда ғана ишке салынған демлер жаздырып, мәдений мийраслар, миллий қәдириятларымыз ҳаққында ҳақыйқатлық жүз көрсетип атыр. Халқымыздың теберик шайыры Әжинияздың жәмийетшилигимизге толық мәнили тулғасында таныўда еркинликтен дурыс пайдаланыўымыз ҳәм уллы шайырымыздың руўхын шад етиўимиз лазым. Қарақалпақстан халық шайыры Толыбай Қабуловтың «Әжинияздың естелигине» атлы қосығында:

Ғәрезсизлик сапа келип хош келип,
Журтбасымыз жигер берип йош берип,
Әжинияз шайырға шәҳәр Нөкисте,
Орнатылды бир әжайып естелик.

Бул естелик сулыўлықтың символы,
Ўалиханов айтқан саҳра бүлбили,
Муқаддес зор ядгарлық етип тур,
Зийўардың шийрин зибан-тили буны

Бул естелик уллылықтың ураны,
Туўрылықтың жолын жақын қылады,
Ол пүткил дүньяға дәдимал айтып,
Тынышлықтың күлкисине табындырады.

Бийғәрез ел болдың ўақыт өзгерип,
Қулақ еситкенди бүгин көз көрип,
Аты Қарақалпақ еллери барды,
Деп дүньяға жар бул естелик.

Шайырдың **«Айрылса», «Мегзер», «Бир пәрий», «Бир жанан», «Ҳәр ким сениң ярың болса», «Әй нәзәлимлер»** қосықлары қарақалпақ лирикалық поэзиясының маржанларынан есапланады. Шайырдың жазған қосықлары бүгинги күнде тарийхый қосыққа айланып, халық намаларына айтылып жүр. Әсиресе оның **«Бозатаў», «Еллерим барды», «Бир пәрий», «Сәўдигим»,** ҳәм т.б. қосықлары көркем өнер хызметкерлери таманынан айтылып келинбекте. Сондай-ақ ҳәзирги ўақытта пайтахтымыз Нөкис қаласында Әжинияз Қосыбай улының атына қойылған мектеп, Әжинияз атындағы Нөкис Мәмлекетлик Педагогикалық институты, қаланың дем алыс бағының орайында шайырдың естелиги қойылған.

Әжинияздың бизге ҳәр қыйлы темада жазылған бир жүз елиўге жақын лирикалық қосықлары мийрас болып қалды. Ол қарақалпақ әдебияты тарийхында аса билимли шайыр болып қалыў менен бирликте, өз қол жазбаларын мийрас етип қалдыра алған белгили көркем сөз ийелериниң бири.

Бүгинги күнде шайырдың шығармаларын үгит-нәсиятлаў, оларды кең китапқумарларымызға оқытыў, үйретиў, ол ҳаққында китап көргизбелер шөлкемлестириў, ушырасыўлар өткериў, шайырдың юбилейин кең түрде белгилеп өтиў барлық билимлендириў мекемелери ҳәм Мәлимлеме-ресурс орайлары хызметкерлериниң баслы

ўазыйпасы. Соның менен бирге усы илажларды өткериўде Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретпелери ҳаққында таярланған слайдты китапқумарларға усынсақ мақсетке муўапық болады.

## Китап көргизбелериниң темалары:

**«Әжинияз шығармалары – уллы мийрас»,**

**«Шайыр еди – шайырлардың данасы»,**

**«Халқын, елин сүйип жырлаған шайыр»,**

**«Күншығыс жулдызларын жырлаған шайыр»,**

**«Көркем сөз зергери»,**

**«Инсан әрманын жырлаўшы шайыр».**

## Пайдаланған әдебиятлар:


**1. К.Мәмбетов. Әжинияз. Нөкис: Билим, 1994.-148б.**

**2. Әжинияз. Бозатаў. Нөкис: Қарақалпақстан, 1975.-25б.**

**3. С.Ахметов, К.Мәмбетов. Қарақалпақ әдебияты. Нөкис: Билим, 1996.-288б.**

**4. Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.-152б.**